

Kado Jak la



Jak ak Pepto

Jak te vle yon ti chyen nan fason ki pi mal la. Chak fwa l al dòmi li fè rèv—gwo chyen, ti chyen piti, chyen pentle, chyen frize, chyen bout ke, chyen mechan, chyen k mòde an trèt. Koulye a se fèt li, Jak vin gen yon sèl bagay nan tèt li. Yon ti chyen! Lè manman l lonje yon bwat plat, byen fèmen, Jak te preske kriye.

Se te yon liv ki pale kòman pou pran swen chyen. Papa l souri epi l di, «Ou bezwen konnen kouman yo pran swen ti chyen anvan ou ka genyen youn.»

Jou swa sa a Jak li liv la epi li jwenn egzakteman enfòmasyon sou chyen li ta renmen genyen an. Lè l leve nan maten li kouri al montre manman l.

«Kalite chyen sa yo twò chè». Manman l di l. «Bat pou sanble yon ti kòb, mande vwazen yo si yo gen kèk ti travay ou ka fè».

Sijesyon manman an te ba l ankourajman. Li wè l ap ka sere lajan pou l achte ti chyen li reve genyen an. Apre de semèn, Jak te mete vennsi dola apa. Se kòm si se yon trezò li te kreye limenm, men sa pat ase pou achte yon ti chyen. Se konsa papa a lonje men l sou yon pankat yo wè sou mi magazen an ki di: **Abri Pou Zannimo k Bezwen Èd**. Epi Papa l di:

«Se la yo okipe bèt ki abandone. W ap aprann anpil si w ale travay ak yo. Ann al vizite yo.»

Madmwazèl Roger, manadjè kay pwoteksyon sa a, te devan an lè yo parèt. Li di: «Se volontè m bezwen. Moun k ap travay gratis m ap chèche. Tout lajan nou resevwa sèvi pou ede zannimo yo». Papa l retounen di l ankò: «W ap kapab aprann anpil bagay sou chyen». Jak lage zepòl li tankou li dekouraje. Ki kote li pral pase pou l sere ase lajan pou ti chyen sa?» Finalman, li decide pou l pran chans li.

O komansman, Jak vin travay nan abri a chak samdi. Dyòb li se te fè netwayaj ak bale. Apre sa, chyen yo kouri soti al jwe. Yon chyen ki rele Pepto gen yon ke dwòl ki pa janm sispann souke. Li te grandi nèt, men li kontinye amize l tankou yon ti chyen. Lè Pepto monte sou pil bwa ak fèy Jak fenk bale ak sanble yo, se ri li ri sa. Jak ale nan abri a chak fen semen nan. Li pase plis tan ak Pepto. Yon jou li mande poukisa Pepto rete nan abri a jouk tan sa. Madmwazèl Roger di: « Li difisil pou n twouve moun ki vle Pepto paske anpil nan yo pa renmen chyen ki twò aktif konsa. Lamem, Jak reyalize li pa bezwen yon ti chyen bouldòg. Se Pepto li vle. Li reponn: «M ap wè si m ka achte li!» Madmwazèl la

souri. Li di: «Ou pa kapab achte l, ou kapab adopte l. Sèlman ou gen 15 dola frè pou w peye epi paran w ap ranpli yon fòm k ap pwouve chen an gen yon kay pou l rete.

Ni manman ak papa te dakò pou yo di Jak gen ase eksperyans pou l adopte yon chyen. Jakte tèlman kontan, li kouri byen vit al nanabri a pou l pran Pepto.

Jak pran yon pati nan kòb li te travay di pou l fè a. Li peye frè pou ti chyen an. Epi li fè don ak rès kòb li te sere a pou l ede plis chyen k ap viv la. «Mwen panse m te vle yon ti chyen bouldòg, men se Pepto m genyen nan plas li.» Kontantman pran Pepto... epi l tande l ap jape.

Eksplike santiman Jak nan kòmansman istwa.

Kouman santiman Jak chanje nan fen istwa.

Konvèsasyon kolaboratif: Ki lòt istwa ou li osijè moun valè ousinon santiman moun ki chanje?

Non: _____ Dat: _____	
Tit istwa: _____	
Dekri Pèsonaj yo	
Jak	Madmwazèl Roger
Manman Jak	Papa Jak